

Rezime Angajman Tit I Paron ak Fanmi

Chè Paron,

Mèsi pou tan ou pran pou li dokiman sou Plan Angajman epi Rezime Paron ak Fanmi. Nan pati anba wap jwenn yon kout rezime sou fason lekòl pitit ou planifye sipò angajman paran ak fanmi lan, epi tou jan Depatman Edikasyon nan Polk la pral sipòte lekòl yo, paran yo epi fanmi yo..

Patisipasyon paran yo nan edikasyon se yon pwosesis ki enpòtan paske li ede elèv yo nan siksè akademik. Enstiksyon akademik se responsabite ki patage ant lekòl ak fanmi pandan tout karyè elèv nan distri a. Depatman lekòl nan Polk la pral ankouraje epi bay angajman paran ak fanmi an yon sipò aktif pou lekòl yo kapab travay men nan men kòm patne nan edikasyon pitit yo.

Mèsi

Eastside Elementary Plan Angajman ak Fanmi pral: *Chak Elev dwe Progrese ACT 1116(b-c)*

- Angaje yo oubyen etabli yon komite pou reprezante paran ak fanmi yo pou devlope yon tablo konsekitif epi evalye “Kontra Lekòl sou Angajman Paron ak Fanmi” pou dekri kòman lekòl la pral ekzekite aktivite ke agajman fanmi lan mande.
- Kenbe yon reyinyon anyèl pou enfòmasyon paran yo pwogram Tit I ak dwa yo genyen pou patisipe..
- Ofri lòt atelye pou paran yo nan lè pa yo.
- Sèvi ak fon nan Tit I paran angajman ak fanmi lan epi angaje paran yo pou deside kòman yo dwe itilize fon sa yo.
- Angaje paran yo nan planifikasyon, revision ak amelyorasyon pwogram Tit I nan.
- Devlope yon kontra ki souligne kòman paran yo, elèv ak pesonèl lekòl la pral pataje responsabite pou pwogrè elèv yo, epi kijan paran, ak anseyan yo pral kominike. d
- Anseys paran yo pou konprann sistèm nivo akademik Eta Florid la, epi kijan pou yo ede pitit gen siksè.
- Founi materyèl ak sipò pou paran yo ede pitit yo lakay.
- Edike anseyan ak anplwaye ansanm ak lidè lekòl yo meyè fason pou angaje fanmi yo.
- Kowòdone ak lòt pwogram ki nan federal ak eta a ansanm ak pwogram lekòl matènèl.
- Bay enfòmasyon nan lang paran yo ka konprann, epi ofri enfòmasyon nan lòt lang ki pratik.

Depatman Edikasyon nan Polk Plan Angajman Paron ak Fanmi an pral: *Tout elèv dwe fè progrè Act 1116 (a) (2)*

- Angaje paran ak manm fanmi nan developman plan distri a.
- Bay sipò ki nesèsè pou ede ak bati kapasite tout lekòl nan distri a kap patisipe nan planifikasyon ak enplemantè efikas aktivite pou patisipasyon fanmi pou amelyore pèfòmans akademik elèv ak lekòl yo.
- Kowòdone epi entegre estrateji pou kontra angajman paran ak fanmi ak lòt pwogram Federal, Eta, epi lokal.
- Fè yon evalyasyon anyèl sou kontni ak efikasite paran an ak règleman angajman fanmi an pou amelyore kalite akademik tout lekòl yo, tankou idantifye baryè pou patisipasyon paran yo nan aktivite yo, espesyalman fanmi ki ap fe fas ak pwoblèm ekonomik, enfimite, ki limite nan lang anglè a, minorite, imigran; paran ki bezwen èd anseyan ak pesonèl lekòl yo pou ede yo assiste pitit ak manm fanmi yo nan edikasyon;
- Devlope estrateji ki baze sou evidans pou patisipasyon paran ki pi efikas, epi revize, si sa nesèsè, règleman paran ak angajman fanmi an.
- Angaje paran yo nan aktivite lekòl yo, ki ka gen ladan etabli yon ajans konsèy administratif pou devlope ak revize kontra paran ak angajman fanmi an

Si ou ta renmen resevwa yon kopi konplè nan plan angajman lekòl la ak distri sou paran ak fanmi, tanpri chwazi sa ki bon pou ou. Tou de plan yo disponib nan lang angle, panyòl ak kreyòl ayisyen.

- Kontakte biwo lekòl la pou mande gnoun nan kopi yo.
- Ale sou sit wèb lekòl la pou w gade gnoun nan kopi yo <http://eastside.polk-fl.net/>
- Disponib pou revizyon nan biwo lekòl la
- Vizite sit distri a pou gade kopi pa plan distri a <http://www.polk-fl.net/parents/involvement/titleone.htm>

Eastside Elementary
Dawn Jeffords, Principal – dawn.jeffords@polk-fl.net
863-421-3254

Depatman Edikasyon Nan Polk
Angelina West, Rezime Angajman Tit I Paron ak Fanmi
(863)457-4707 Ext. 620

